

# ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

**Madi** 16 Jen 2015 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy komunikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

**Pati I** an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

**Pati III B** a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.


**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1.



Sous: Paul Fell, *Lincoln Journal Star*, 2004

1 Ki deklarasyon ki eksprime lide prensipal komik sa a avèk plis presizyon?

- (1) Polisyon dlo menase sante piblik.
- (2) Kiltivatè yo pa konprann bezwen dlo vil yo.
- (3) Developman iben itilize tout dlo ki nesesè pou agrikilti.
- (4) Konfli ap ogmante akòz distribisyon resous dlo ki ra.

2 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

- I. \_\_\_\_\_
- A. Chanm Bègès Virginia
  - B. Akò Mefklawè
  - C. Reyinyon popilè New England

- (1) Developman nan Otonomi Gouvènman Kolonyal
- (2) Efò Kolonyal pou Abandone Dominasyon Britanik
- (3) Tantativ Dirijan Kolonyal yo pou Fòme yon Gouvènman Nasyonal
- (4) Òganizasyon Kolonyal Palman Britanik lan mete anplas

3 Yon fason gouvènman britanik lan te egzekite politik mèkantilis la se te lè yo

- (1) te fè pwomosyon pou komès lib ant koloni li yo ak Ewòp
- (2) te entèdi komès transatlantik nan esklav afriken yo
- (3) te ankouraje developman manifakti kolonyal ak komès
- (4) te egzije pou pifò komès kolonyal fêt andedan Lanpi Britanik

- 4 Thomas Jefferson te entwodui lide teyori kontra sosyal John Locke nan Deklarasyon Endepandans lan paske lide sa a
- (1) te jistifye ranvèsman yon gouvènman ki te refize bay libète endividylè yo
  - (2) te konsidere dwa ekonomik yo pi enpòtan pase dwa yo pa kapab retire
  - (3) te sipòte dwa diven wa yo
  - (4) te mande yon chanjman gouvènman ofi-amezi

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 5.

...Pou sa ki konsène zafè gouvènman, Britanik yopa gen pouwva pou fè jistis kontinan sa a: biznis ki ladan pral twò enpòtan ak konplèks pou yo kontwole avèk nenpòt degré avantaj tolerab, avèk yon pouwva ki tèlmanwen nou, epi nou p ap konnen li tèlman; paske si yo pa kapab domine nou, yo pa kapab gouvènre nou. Pou toujou ap kouri sou yon distans twa (3) oswa kat (4) milye mil avèk yon manti oswa yon petisyon, pou rete tann kat (4) oswa senk (5) mwa pou yon repos, ki, lè ou jwenn li, ap bezwen senk (5) oswa sis (6) lòt pou eksplike li, ap nan kèk ane konsidere kòm yon betiz ak zak timoun piti. Te gen yon tan lè li sa te kòrèk, epi gen yon tan kòrèk pou sa sispann....

— Thomas Paine, *Common Sense*, 1776

- 5 Ki rezònman Thomas Paine fè ki konsène relasyon ant Grannbretay ak koloni ameriken li yo?
- (1) Grannbretay vle fè Lamerik vin yon pati nan sistèm kontinental ewopeyen an.
  - (2) Lamerik twò lwen pou Granbretay gouvènre li avèk efikasite.
  - (3) Lamerik pa gen ase reprezantasyon nan Palman an.
  - (4) Dirijan kolonyal ameriken yo kwè ofisyèl britanik yo vle itilize yo pou batay nan lagè ewopeyen yo.
- 

- 6 Nan Konvansyon Konstitisyonèl ane 1787 la, Gran Konpwomi ant gwo eta yo ak ti te eta yo te fè vin gen
- (1) kreyasyon yon lejislati ki gen de chanm
  - (2) yon dispozisyon pou pwoteksyon egalego nan lalwa
  - (3) yon solisyon pèmanan nan zafè esklavaj la
  - (4) garanti pou dwa pou vote pou tout pwopriyetè pwopriyete gason yo

- 7 Sistèm gouvènman ki dekri nan Konstitisyon Etazini (1787) montre pi aklè ensatisfaksiyon fondatè yo avèk
- (1) Plan Inyon Albany
  - (2) Òdonans Nòdwès
  - (3) Atik Konfederasyon an
  - (4) Trete Pari


- 8 Tèm *federalis* pi byen defini kòm
- (1) pwosesis pou amande yon konstitisyon
  - (2) pouwva tribunal yo pou detèmine lwa ki konstitisyonèl yo
  - (3) yon fòm gouvènman repiblikan ki pa gen dirijan ereditè
  - (4) divizyon pouwva a ant eta yo ak gouvènman nasyonal la

- 9 Ki aksyon ki se yon egzanp itilizasyon sistèm pouwva ekilibre?
- (1) akizasyon Prezidan Bill Clinton
  - (2) lè yon kandida pou prezidan chwazi yon moun ki pou kandida menm lè avèk li kòm vis-prezidan li
  - (3) lè pati majorité a eli yon Prezidan Lacham
  - (4) lè Prezidan George Washington kòmanse negosyasyon yo pou jwenn yon trete

- 10 Rezolisyon Kentucky ak Virginia (1798) te egzije pou eta yo te kapab anile Lwa sou Etranje ak sou Sedisyon paske lwa sa yo
- (1) abwoje Òdonans Nòdwès
  - (2) te mete yon taks enjis sou wiski kiltivatè lwès yo te fè
  - (3) te vyole Konstitisyon an
  - (4) te mete limit sou sifraj inivèsèl

- 11 Desizyon Kou Siprèm nan *Marbury v. Madison* (1803) te ogmante pouwva tribunal federal yo lè li
- (1) te ogmante kantite jij yo
  - (2) te pèmèt prezidan an anile desizyon tribunal enferyè yo
  - (3) detèmine supremasi federal sou gouvènman eta yo
  - (4) detèmine prensip revizyon jidisye

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 12 ak 13.



- 12 Dapre kat jewografik la, Kanal Erie ak Rivyè Hudson te kontribiye dirèkteman nan
- desizyon pou mete restriksyon sou imigrasyon
  - nan ogmantasyon rapid nan popilasyon nan pati nò New York
  - akò New England
  - akizisyon teritwa nan Kanada
- 13 Reyalizasyon Kanal Erie nan ane 1825 te ankouraje kwasans Midwès la paske li te
- konekte Gran Lak yo avèk Lakòt Atlantik la
  - ede fòs yo deplase fòs britanik yo ki nan Teritwa Nòdwès la
  - ankouraje devlopman pwodiksyon kote nan vale Rivyè Ohio
  - ogmante komès avèk Azi
-

- 14 Yon rezon prensipal ki fè prezidan Thomas Jefferson te achte Teritwa Lwizyàn se te pou
- elimine kontwòl Espayòl yo sou Kalifòni
  - pran posesyon tout Florid
  - bay Etazini kontwòl sou Rivyè Mississippi
  - bay aksè nan zòn lès Montay Apalach yo
- 15 Kisa ki te yon rezon jewografik enpòtan ki fè Etazini te kapab konsève yon politik etranje netralite pandan pifò 19yèm syèk la?
- Oseyan Atlantik te bay yon tanpon nan entèferans ewopeyen.
  - Gwo chèn montay yo ki toutolon litoral pasifik te anpeche yo fè envazyon.
  - Resous natirèl ki ra te dekoraje komès entènasyonal.
  - Imigran ewopeyen yo te gen komunikasyon rapid avèk peyi yo.
- 16 Prezidan Andrew Jackson te itilize sistèm depouy la pou
- sispann ogmantasyon esklavaj la nan lwès
  - ranfòse fòs lame pou defans nasyonal
  - rekonpanse sipòtè politik fidèl yo
  - detwi Bank Etazini
- 17 Apre Gè Sivil la, ki devlopman ki te limite opòtinite ekonomik pou Ameriken Nwa yo nan Sid?
- kreyasyon distri militè
  - kreyasyon Biwo Moun Lib yo
  - utilizasyon sistèm meteyaj
  - ratifikasyon 14yèm amannman an
- 18 Pandan ane 1870 yo, mouvman Granger te atire sipò anpil kiltivatè lwès paske li te pwopoze pou
- yo ta dwe dekoraje dòf monetè a lè yo retire lajan papye k ap sikile yo
  - yo ta dwe kontwole tarif ekspedisyon ak frè pou depo gress chemennfè yo te reklame
  - imigran yo ta dwe resevwa teren Gwo Plèn yo
  - gouvènman an ta dwe kontwole devlopman resous yo nan Lwès
- 19 Eta Sid yo te pibliye tès lekti, kloz granpè, ak enpo sou vòt pou
- limite mouvman Ameriken Nwa yo
  - mete restriksyon sou dwa pou Ameriken Nwa yo vote
  - amelyore kondisyon sosyal Ameriken Nwa yo
  - ogmante opòtinite edikasyon pou Ameriken Nwa yo
- 20 Kisa ki te objektif prensipal Lwa 1887 Dawes konsènan Endyen Natifnatal Ameriken yo?
- antre Endyen Natifnatal Ameriken yo nan lavi prensipal ameriken
  - ogmante dimansyon rezèv Endyen Natifnatal Ameriken yo
  - ankouraje lang ak kilti Endyen Natifnatal Ameriken yo
  - ranfòse gouvènman tribi Endyen Natifnatal Ameriken yo
- 21 Pandan fen 19yèm syèk la, biznis yo t ap eseye ogmante pwofi yo nèt lè yo
- te elimine tarif yo
  - sipòtè sendika travayè yo
  - reziste kont politik lesefè
  - kreye monopòl yo

- 22 Kisa ki te yon konsekans prensipal endistriyalizasyon nan Etazini?
- (1) disparisyon diferans nan klas sosyal yo
  - (2) yon monte nan estanda lavi a
  - (3) yon ogmantasyon nan to nesans
  - (4) eliminasyon bilding ki gen apatman nan lavil yo
- 23 Kisa ki te yon karakteristik enperyalis ameriken nan fen 19yèm syèk la ak nan kòmansman 20yèm syèk la?
- (1) evite patisipasyon avèk nasyon ki nan Lès Azi
  - (2) sipòte mouvman endependans nan Afrik
  - (3) rejte itilizasyon fòs militè pou vin gen koloni
  - (4) achte teritwa pou sipòte enterè ekonomik ak estratejik
- 24 Ki devlopman ki te yon rezulta mouvman Pwogresis la?
- (1) Gouvènman an te ogmante kontwòl pratik biznis yo.
  - (2) Fanm yo te vin mwen aktif nan lavi piblik.
  - (3) Enfliyans gouvènman nasyonal la te redui.
  - (4) Kongrè a pa t ekilibre bidjè federal la.
- 25 Yo te kreye Sistèm Rezèv Federal la pou
- (1) kontwole òf monetè a
  - (2) ankouraje komès avèk lòt nasyon yo
  - (3) kontwole mache bousye a
  - (4) finanse pwojè travo piblik yo
- 26 Kisa ki te kòz prensipal migrasyon Ameriken Nwa yo ant Sid riral ak vil nò yo pandan Premye Gè Mondyal la?
- (1) ofri yon edikasyon piblik gratis
  - (2) disponiblite djòb faktori yo
  - (3) vle viv nan katye entè-kiltirèl yo
  - (4) opòtinite pou vin gen libète reliye
- 27 Apre Premye Gè Mondyal la, yon “retou nan nòmalite” te parèt pi aklè avèk
- (1) pozisyon pou antre nan Lig Nasyon yo
  - (2) sispann sibvansyon agrikòl yo anba Lwa sou Ajisteman Agrikòl
  - (3) redui tarif ladwàn sou machandiz empòte yo
  - (4) rejè akò pou dezameman
- 28 Tèm *Renesans Alèm* pi byen dekri
- (1) lwa leta ak lwa federal yo te pase pou mete yon pwen final nan diskriminasyon rasyal
  - (2) efò pou renouvèlman iben nan Vil New York
  - (3) pwogram gouvènman pou sipòte biznis Ameriken Nwa yo
  - (4) yon peryòd siksè kiltirèl Ameriken Nwa yo
- 29 Nan ane 1920 yo, kontwovès sou Pwoyibisyon, Lwa sou Orijin Nasyonal, ak pwosè Scopes, yo tout te montre dezagreman sou
- (1) efè demobilizasyon
  - (2) valè kiltirèl pèp ameriken an
  - (3) wòl gouvènman federal nan ekonomi an
  - (4) enfliyans sendika travayè yo sou lavi ameriken

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 30 ak 31.

...2. Nou pwopoze pou limite kantite lajan nenpòt gason kapab touche nan yon ane oswa eritye \$1 milyon dola pou moun nan.

3. Kounye a, lè nou limite gwosè fòtin ak revni gwo gason yo, n ap ajoute nan Trezò gouvènman an lajan ak pwopriyete n ap itilize pou pran swen milyon moun ki pa gen anyen; epi avèk lajan sa a n ap bay yon kay ak konfòm kay, avèk avantaj komèn tankou radyo ak otomobil, pou chak fanmi Lamerik, san dèt....

— Senatè Huey Long, 1935

30 Dapre deklarasyon sa yo Senatè Long te fè, yon rezon pou soufrans Lagrann Depresyon te lakòz se te

- (1) echèk Prezidan Franklin D. Roosevelt pou siyen lejislasyon pou sekou a
- (2) twòp pwodiksyon ekipman militè
- (3) distribisyon inegal revni ki te anfavè moun rich yo
- (4) echèk sendika travayè yo pou aksepte mwens jou travay

31 Prezidan Franklin D. Roosevelt te reponn nan sikonstans ki dekri nan pasaj sa a lè li te

- (1) renouvre pwogram Nyoudil yo pou ede gwo biznis yo
- (2) ogmante taks yo pou asire yon bidjè federal ekilibre
- (3) ensiste sou prensip ekonomik mache lib
- (4) ogmante efò Nyoudil yo pou soulajman ak refòm

32 Kisa ki te motif prensipal pwopozisyon Prezidan Franklin D. Roosevelt nan ane 1937 pou ajoute manm nan Kou Siprèm?

- (1) retire jij republik yo nan Tribunal la
- (2) sispann itilizasyon revizyon jidisyè Tribunal la
- (3) asire netralite Etazini nan kòmansman Dezyèm Gè Mondyal la
- (4) pwoteksyon pwogram Nyoudil kont desizyon defavorab Tribunal la


33 Ki tandans nan politik etranje Etazini ki prezante nan pasaj Lwa 1939 sou Netralite, akò 1940 pou destwoyè kont baz yo, ak Lwa 1941 sou Tè Fèmaj?

- (1) retrè nan koloni peyi etranje yo
- (2) ogmantasyon komès avèk puisans Aks yo
- (3) ogmante sipò pou puisans Alye yo
- (4) rediksyon nan preparasyon lagè

34 Entènman Japonè-Ameriken yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la se otorize toudabò avèk

- (1) yon amannman konstitisyonèl
- (2) yon lòd egzekitif prezidan an
- (3) yon pwoklamasyon gouvènè California
- (4) desizyon Kou Siprèm

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn késyon 35 ak 36.



Sous: Robert A. Divine et al., *America: Past and Present*, Addison Wesley Longman, 1999 (adapte)

35 Ki tit ki pi egzat pou kat jewografik sa a?


- (1) Enperialis Ameriken nan 20yèm Syèk la
- (2) Dezyèm Gè Mondyal la nan Pasifik la
- (3) Sa ki te lakòz Dezyèm Gè Mondyal la
- (4) Kreyasyon Alyans pou Lagè

36 Kate jewografik la montre Fòs Alye yo

- (1) te fè pwogrè ki lan men ki estab nan pote laviktwa sou Japonè yo
- (2) te fè pisò batay yo nò Zile Hawaii
- (3) te toujou gen kontwòl Filipin nan kòmansman lagè a
- (4) te gen sipò militè Inyon Sovyetik pandan tout lagè a

- 37 Yon rezon ki fè Etazini te sipòte kreyasyon Nasyonzini se te pou
- (1) detèmine repwòch pou kòmansman Dezyèm Gè Mondyal la
  - (2) amelyore efò pou touche lajan dèt lagè a
  - (3) konsève lapè entènasyonal
  - (4) ankouraje devlopman zam nikleyè
- 38 Anons Doktrin Truman, pon ayeryen Bèlen, ak fòmasyon Òganizasyon Trete Atlantik Nò [North Atlantic Treaty Organization (NATO)] se te aksyon Etazini te fè pou evite
- (1) renouvèlman fachis Nazi nan Almay, Itali, ak Espay
  - (2) ogmantasyon kominis li nan Ewòp-de-Lwès
  - (3) grangou jeneral refijye yo nan Ewòp-de-Lès
  - (4) kòmansman yon konpetisyon zam ant Etazini ak Inyon Sovyetik
- Sèvi ak diskou ki anba la a ak ou konnen nan syans sosyal pou kesyon 39.
- Bonswa, sitwayen frè ak sè mwen yo. Gouvènman sa a, jan nou te pwomèt li, te kontinye ap fè siveyans deprè sou militè sovyetik k ap fè pil sou zile Kiba. Semèn pase, prèv ki parèt aklè te montre yon seri kote ki gen misil atak ki nan preparasyon kounye a sou zile anprizone sa a. Objektif baz sa yo se kapab sèlman pou bay yon kapasite pou fè frap nikleyè kont Emisfè Oksidental la....
- President John F. Kennedy, Report to the American People, October 22, 1962
- 39 Prezidan John F. Kennedy te reyaji yon fason solid nan sitiyyasyon ki dekri nan diskou sa a sitou paske
- (1) Etazini te gen laperèz pou debakman refijye kiben
  - (2) misil sa yo te kapab menase rezèv petwòl Etazini ki nan Amerik-di-Sid
  - (3) pozisyon Kiba pa ta pèmèt Etazini gen ase tan pou reponn yon atak
  - (4) Etazini ak nasyon Pak Vasovi te fòme yon alyans militè
- 40 Yon kritik desizyon Tribunal Warren nan *Mapp v. Ohio* (1961), *Gideon v. Wainwright* (1963), ak *Miranda v. Arizona* (1966) sèke Kou Siprèm
- (1) te limite pouwwa lapolis pandan li te ogmante dwa akize kriminèl yo
  - (2) te refize dwa premye amannman manifestan anti-lagè yo ak laprès
  - (3) te fòse dezegregasyon transpò piblik
  - (4) te mete restriksyon sou dwa elèv ki nan lekòl leta yo
- 41 Pandan ane 1960 yo, yo te kritike politik etranje Prezidan Lyndon B. Johnson paske li
- (1) pa t sipòte pwogram lespas la
  - (2) agrave Lagè Vyvetnam
  - (3) te mete restriksyon sou vwayaj nan peyi etranje pou sitwayen ameriken yo
  - (4) te elimine èd ekonomik pou nasyon afriken yo
- 42 Desizyon Kou Siprèm nan ka *United States v. Nixon* (1974) te endike
- (1) Prezidan Richard Nixon antan kòmandè-anchèf te kapab pwolonje Lagè Vyvetnam nan Kanbòdj
  - (2) prezidan a te kapab revoke ofisyèl branch egzekitif yo san apwobasyon Sena a
  - (3) privilèj egzekitif pa t pèmèt prezidan an refize bay anrejistremant ki te gen pou wè ak eskandal Watèget
  - (4) apwobasyon Kongrè a pou Lwa 1973 sou Pouwwa pou Fè Lagè te vyole separasyon pouwwa yo

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 43 ak 44.



Sous: John Darkow, *Columbia (MO) Daily Tribune*, July 3, 2009 (adapte)

- 43 Ki deklarasyon ki eksprime pwendvi desinatè komik sa a avèk plis presizyon?
- (1) Etazini ta dwe enpòte plis pwodui Lachin.
  - (2) Anpil pwodui yo fè nan Etazini vann nan Lachin.
  - (3) Ekonomi ameriken an te vin twò depannde Lachin.
  - (4) Anpil Ameriken te dwe ale na Lachin pou jwenn travay.
- 44 Anpil sisyete ameriken te kontribiye nan pwoblèm komik lan montre a lè yo
- (1) egzije pou Kongrè a ogmante taks sou ekspòtasyon yo
  - (2) kreye enstalasyon fabrikasyon peyi etranje
  - (3) peye travayè yo salè ki pi ba pou ankouraje yo pran retrèt yo
  - (4) fè lobi nan gouvènman federal la pou ogmante salè minimòm nan
-

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn késyon 45.



Sous: Jeff Koterba, *Omaha World Herald*, March 15, 2010 (adapte)

45 Kisa yo konsidere kòm yon kòz pwoblèm ki endike nan komik lan?

- (1) Patwon yo peye pi gwo taks Sekirite Sosyal pase anplwaye yo.
- (2) Pifò Ameriken yo vle mete yon pwen final nan pwogram Sekirite Sosyal yo.
- (3) Moun rich yo peye pi gwo pòsyon nan taks sou Sekirite Sosyal.
- (4) Kantite benefisyè Sekirite Sosyal k ap ogmante ofi-amezi jwenn sipò mwens travayè sou plan relativ.

46 Yon objektif enpòtan Doktrin Monroe (1823) se te pou

- (1) redui baryè komèsyal ant Etazini ak nasyon afriken yo
- (2) kreye koloni Etazini ak baz naval nan Antiy yo
- (3) bay èd militè pou ede Filipin jwenn vin gen endependans li anba dominasyon Espay
- (4) anpeche ansyen puisans kolonyal yo pran kontwòl nasyon Amerik Latin yo

47 Akò Trete sou Limit Zam Estratejik [Strategic Arms Limitation Treaty (SALT)] Etazini ak Inyon Sovyetik te siyen nan ane 1970 yo se te efò pou

- (1) redui tansyon Gèfwad la
- (2) kreye yon politik dwa moun tout kote nan lemonn
- (3) ogmante koperasyon nan Nasyonzini
- (4) negosye yon lapè pou lontan nan Mwayennoryan an


48 “**Twoup yo Kraze Manifestasyon Lame Bonis”**

**“FDR Pwoklame Jou Ferye Labank”**  
**“Lamizè ki Kreye Akòz Bòl Pousyè”**

Gran tit yo konsène evènman ki te pase pandan

- (1) Lagè Sivil
- (2) Epòk Pwogresis la
- (3) Lagrann Depresyon
- (4) Gèfwad

Sèvi ak komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn keson 49 ak 50.



Sous: John Trever, *Albuquerque Journal*

- 49 Opinyon desinatè komik lan eksprime a sèke Lwa Patriyòt Etazini pèmèt gouvènman federal la
- (1) fikse nouvo limit manda pou jij federal yo
  - (2) mete restriksyon sou pouvwa negosyasyon lapolis
  - (3) vyole libète ki garanti nan Deklarasyon Dwa Moun
  - (4) elimine dwa Eta yo ki rezève nan 10yèm amannman an
- 50 Yo te pibliye komik sa a pou bay repons pou aksyon federal ki te vini apre ki evènman?
- (1) pasaj Lwa sou Espyonaj (1917) ak Lwa sou Sedisyon (1918)
  - (2) Desizyon Kou Siprèm nan *Korematsu v. United States* (1944)
  - (3) mach sou Washington, D.C. (1963) pou dwa sivil yo
  - (4) atak sou World Trade Center ak Pentagòn (2001)

## Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou pou Pati II a, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- (b) diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

### Pati II

## KESYON REDAKSYON TEMATIK

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki endike sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

### Tèm: Òganizasyon

Pandan tout istwa Etazini, moun ak gwoup yo te fòme òganizasyon pou reyalize sèten refòm. Efò refòm òganizasyon sa yo te rankontre avèk anpil kalite degré siksè.

### Sa pou fè:

Identifye **de (2)** òganizasyon ki te fòme pou reyalize yon sèten refòm epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz fòmasyon òganizasyon an
- Diskite sou degré efò refòm òganizasyon an te gen siksè

Ou ka itilize nenpòt òganizasyon nan etid istwa Etazini ou. Kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere gen ladan Sosyete Ameriken Anti-Esklavajis (1883), Asosyasyon Nasyonal pou Dwa Fanm pou yo Vote (1869), Lig Fanm Kretyen pou Tanperans (1874), Federasyon Travayè Ameriken (1886), Pati Popilis (1890), Lig Anti-Difamasyon (1913), Travayè Agrikòl Ini (1966), ak Òganizasyon Nasyonal pou Fanm yo (1966).

### Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

### Gid:

#### Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

**Paj sa a rete vid toutespre.**

**ALE NAN PWOCHEN LAJ LA ➔**

**Pati III****KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN**

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste abilte w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

**Kontèks Istorik:**

Pandan tout istwa Etazini, prezidan yo te fè aksyon ki te gen yon gwo konsekans sou Etazini ak soyete ameriken an. Twa (3) aksyon prezidansyèl sa yo se te **politik Andrew Jackson pou deplase Endyen yo, sipò Theodore Roosevelt pou pwoteksyon konsomatè, ak sipò Lyndon Johnson pou dwa sivil yo.**

**Sa pou fè:** Itilize enfòmasyon ki sòti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** aksyon prezidansyèl ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri sikostans istorik ki te lakòz aksyon prezidan an
- Diskite sou konsekans aksyon prezidan an sou Etazini ak/oswa sou soyete ameriken an

**Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:**

- (a) **dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”**
- (b) **diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”**

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

... Endyen Sidès yo te sitou frajil. Trafik nan po sèf, kote yo te patisipe deprè, te ranplase ofi-amezi avèk yon komès koton—ki te ankouraje avèk envansyon machin pou netwaye koton... [1793]—kite yo te nan pi bon pwodiktè majinal ak nan obstak ki pi grav pou blan ki te toujou bezwen teritwa. Anpil nan teritwa ki te rete yo se te bitasyon agrikòl rich, epi tank yo te ‘amelyore’ li nan lespwa pou fè tèt yo vin vwazen yo aksepte, tank sa te fè yo gen plis anvi pou yo ta vin pwopriyetè plantasyon. Yon chante popilè nan epòk la te ale konsa:

Tout sa mwen mande nan kreyasyon sa a  
Se yon bèl ti madam ak yon gwo plantasyon  
Monte laba nan Nasyon Chewoki....

Sous: James Wilson, *The Earth Shall Weep: A History of Native America*, Grove Press, 1998 (adapte)

- 1 Dapre James Wilson, kisa ki te **yon** rezon ki fè yo te deplase Endyen Natifnatal Ameriken ki te nan Sidès yo nan teritwa natifnatal yo? [1]
- 
- 

Score

## Dokiman 2

Prezidan Andrew Jackson te siyen Lwa pou Deplasman Endyen yo nan dat 28 me 1830.

... Konsekans yon deplasman rapid pral enpòtan pou Etazini, pou Eta yo apa, ak pou Endyen [Natifnatal Ameriken yo] pou tèt yo. Avantaj pekinyè [finansye] sa pwomèt pou Gouvènman an se piti pase rekòmandasyon li yo. Sa ap mete yon pwen final nan tout danje kolizyon posib ant otorite Gouvènman Jeneral [Federal] yo ak Gouvènman Eta yo sou kont Endyen yo. Sa ap mete yon popilasyon ki epè ak sivilize nan gwo chemen peyi yon ti kantite chasè sovaj okipe kounye a. Lè nou louvri tout teritwa a ant Tennessee nan nò a ak Lwizyàn nan sid koloni blan yo, sa ap ranfose fwontyè SW [sidwès] yon fason enkalkilab [anpil] epitou sa ap fè Eta toupre yo vin puisan ase pou pouse fiti envansyon yo san èd delwen. Sa ap soulaje tout Eta Mississippi ak pati lwès Alabama Endyen yo okipe, epitou sa ap pèmèt Eta sa yo avanse vit nan popilasyon, richès, ak pouvwa. Sa ap separe Endyen yo avèk kontak imedyat avèk koloni blan yo; sa ap libere yo anba pouvwa Eta yo; sa ap pèmèt yo chèche kè kontan nan fason pa yo epi anba pwòp enstitisyon sovaj [primitif] yo; sa ap retade [ralanti] pwogrè dekadans lan, k ap diminye kantite yo, epi pètèt lakòz yo ofi-amezi, anba pwoteksyon Gouvènman an epi avèk enfliyans von avoka, sispann abitid sovaj yo epi vin yon kominote ki enteresan, sivilize ak kretyen. Konsekans sa yo, kèk ladan yo pou konfime, epi rès la apèn posib, ap fè egzekisyon jeneral plan Kongrè a apwouve [Lwa pou Deplasman Endyen yo] nan dènye sesyon yo vin yon sijè anpil solitud [enkyetid]....

Sous: President Andrew Jackson, Second Annual Message to Congress, December 6, 1830

2 Dapre Prezidan Andrew Jackson, kisa ki te **de (2)** rezon pou kreye yon politik pou deplase Endyen yo? [2]

(1) \_\_\_\_\_


Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 3a

### Lwa sou Deplasman Endyen 1830–1854



Sous: Irving F. Ahlquist et al., *United States History*, Addison-Wesley, 1984 (adapte)

### Dokiman 3b

... Sa te nòmal, nan yon moman lè teritwa nasyonal la te sanble prèske san limit [ilimite] epi te gen anpil milyon ak tè arab deyò limit koloni sivilize yo, yo ta dwe adopte yon politik plis pase nenpòt lòt bagay [anyen] te sous pwodiktif konplikasyon Endyen [Natifnatale Ameriken] nou yo.

Mwen vle pale, sètènman, konsènan politik pou jere anpil tribi endyen yo kòm nasyonalite apa, pou egzile yo dapre modalite trete pou okipasyon gwo rezèv ki nan Lwès yo, epi pou ankouraje yo viv yon lavi sovaj, san okenn deranjman avèk nenpòt efò serye ak byen dirije pou mete yo anba enflyans sivilizasyon.

Rezulta ki pa satisfesan ki te soti nan politik sa a ap vin vizib pou yo tout.

Lè koloni blan yo vin anpile nan fwontyè rezèv yo, Endyen yo, pafwa ki satisfè epi pafwa kont volonte yo, te jwenn transfè pou ale nan lòt tès lachas, kote yo te deloje ankò kèlkeswa lè kolon avantirye yo te gen dezi pou pran nouvo kay yo.

Deplasman sa yo ak kolizyon sa yo sou fwontyè kote yo vini anvan souvan, te lakòz konfli regilye ak katastwofik ant ras yo....

Sous: President Chester A. Arthur, Message to Congress, December 6, 1881

3 Dapre dokiman sa yo, kisa ki te **de (2)** efè politik federal deplasman kont Endyen Natifnatale Ameriken yo? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 4a

Nan ane 1906, Prezidan Theodore Roosevelt te lonmen yon komisyon pou mennen ankèt sou pratik nan izin anbalaj vyann yo. Ekstrè sa a se yon ekstrè ki soti nan rezulta komisyon an te prezante ba Kongrè a.

...Nou te bay yon pati nan rezulta obsèvasyon nou yo te deja. Lòt ka kote fason yo te fè pwodui, epi toujou jwenn so enspeksyon gouvènman an, endike la a. Nan yon biznis tout moun konnen, nou te remake vyann y ap mete nan barik avèk pèl, epitou y ap ajoute yon pwopòsyon regilye ti moso vyann rasi ki te ranje sou yon planche sal nan kwen yon sal pandan kèk jou anvan. Nan yon lòt biznis tout moun konnen tou, nou te remake yon tab long ki kouvri avèk anpil santèn liv ti moso vyann bèf ak lòt vyann ki kwit. Kèk nan ti moso vyann sa yo te sèk, kòryas epi pa bon pou moun manje; epitou sou pil la nou te jwenn moso po kochon, ak menm kèk ti fil kòd ak lòt dechè. Lè nou te poze kesyon, yon gason ki te responsab te admèt franchman pou fè konnen sa te dwe moulen ak itilize nan fè "janbon ki konsève nan po."...

Sous: *Locomotive Firemen's Magazine*, July–December, 1906

## Dokiman 4b

**YON DJÒB KI BAY KÈPLEN, MEN LI DWE FÈT.**



Sous: *Utica Saturday Globe*, 1906 (adapte)

- 4 Dapre dokiman sa yo, kisa ki **yon** rezon ki fè Prezidan Theodore Roosevelt te sipòte lwa sou pwoteksyon konsomatè yo? [1]

---

---

Score

# Postum Cereal Co., Ltd.

## Garanti sou Pwodui Yo.

Nou sètifye epi garanti tout bwat Postum Cereal, Grape-Nuts ak Elijah's Manna nou vann annapre avèk entèmedyè oswa detayan nou, konfòme yo avèk dispozisyon Lwa Nasyonal pou Manje Bon Kalite, \* epi nou pa epi nou pa dwe chanje oswa mete move non komèsyal nan sans Lwa Kongrè yo apwouve nan dat 30 jwen 1906, epi ki gen tit, "Yon lwa pou anpeche fabrikasyon, lavant ak transpò manje, remèd, medikaman, alkòl ki chanje oswa ki gen move non komèsyal oswa ki nuizib epi pou trafik kontwòl isit la pou lòt objektif."

POSTUM CEREAL Co., LTD.,  
C. W. Post, Prezidan,  
Battle Creek, Mich.

12 Desanm 1906.

Souskri epi sèmante devan mwen nan dat 15yèm jou mw desanm 1906.

BENJAMIN F. REID,  
NOTE PUBLIK

Komisyon mwen ap ekspire 1ye jiyè 1907.

Machandiz nou yo bon kalite, yo pa t gen move non komèsyal epi yo p ap janm gen move non komèsyal. Depi nan kòmansman biznis nou, nou te toujou enprime yon deklarasyon serye sou bwat engredyan ki fèt isit la, epi nou mete chak bwat adistans.

**Postum Cereal**

**Elijah's Manna**

**Grape-Nuts**

Sous: *New York Times*, December 30, 1906 (adapte)

\*Lwa sou Bon Kalite Manje ak Medikaman

5 Dapre reklam sa a, endike **yon** fason Lwa sou Bon Kalite Manje ak Medikaman ta pwoteje konsomatè yo. [1]

Score

## Dokiman 6

Depi uit (8) mwa mwen te siyen Pwojè-Lwa 1967 pou Bon Kalite Vyann an lwa. Pwojè-lwa enpòtan sa a te limite yon kwazad ki te kòmanse depi 60 tan—[sou prezidans Theodore Roosevelt] pou asire madam marye ameriken ki rete nan kay yo vyann yo te sèvi fanmi yo te yon vyann ki bon kalite, men pa nuizib oswa pa sal oswa pa gen maladi.

Jodi a mwen fyè pou siyen yon pwojè-lwa k ap bay menm pwoteksyon an pou tout pwodui abaz bêt volay. Se reyalizasyon yon pwomès mwen te fè pou chak madam marye — ki rete nan kay nan premye mesaj konsènan konsomatè a imedyatman apre mwen te vin Prezidan.

Nan premye jou syèk sa a, Ameriken yo te rekonèt te gen risk nan achte manje. Yo te menm pran plezi sou sa nan jounal. Yon jounal te enprime yon ti powèm:

“Mary te gen yon ti mouton,  
Epi lè li te wè mouton an vin malad,  
Li te voye mouton an pou yo anbale li nan vilaj la,  
Epi kounye a li gen etikèt vyann poul.”

Nan ane 1968, nou pa kapab tolere imaj, oswa reyalite, move kalite vyann:  
—Pa lè Ameriken yo te konsome plis pase 12 milya liv vyann bêt volay ane pase.  
—Pa lè yon 13 pouasan kantite—total sa a oswa 1.6 milya liv—te dwe fè yon ti enspeksyon pa t dwe fè enspeksyon ditou paske li pa t travèse fwontyè Eta a....

Lwa 1968 sou Bon Kalite Pwodui Abaz Bèt Volay ap asire izin sa yo ap gen pou fè netwayaj oswa fèmen biznis yo....

Sous: President Lyndon B. Johnson, Statement Upon Signing the Wholesome Poultry Products Act,  
August 19, 1968

- 6 Dapre dokiman sa a, kijan Prezidan Lyndon B. Johnson te kontinye aksyon pwoteksyon konsomatè Prezidan Theodore Roosevelt te kòmanse a? [1]

Score

## Dokiman 7

...Sa ta dwe posib, anfen, pou chak Ameriken jwe privilèj pou yo se Ameriken san konsiderasyon ras oswa koulè. Anfen, chak Ameriken ta dwe gen dwa pou yo trete li tankou li ta vle pou yo trete li, tankou yon moun ta vle pou yo rete pitit li yo. Men sa a se pa ka a....

Nwayo kesyon sa a se si tout Ameriken yo te jwenn dwa ak opòtinite egalego, si nou pral trete Ameriken nou yo jan nou vle pou yo trete nou. Si yon Ameriken, paske po kò li nwa, pa kapab manje repa midi nan yon restoran ki louvri pou piblik la, si li pa kapab voye pitit li yo nan pi bon lekòl leta ki disponib lan, si li pa kapab vote pou ofisyèl piblik ki reprezante li, si, anfen, li pa kapab jwi lavi okonplè ak lib nou tout vle a, lè sa a kimoun pami nou ki ta kontan pou gen koulè po li chanje epi kanpe nan plas li? Answit kimoun pami nou ki ta kontan avèk konsèy pasyans ak reta yo?...

Kounye a moman an rive pou Nasyon sa a reyalize pwomès li. Evènman nan Birmingham ak lòt kote te tèlman ogmante egzijans yo pou egalite sa fè kò lejislatif vil oswa Eta a kapab chwazi pou pa okipe yo avèk pridans....

Poutèt sa, nou an fas yon kriz moral kòm peyi ak kòm yon pèp. Nou pa kapab satisfè sa a avèk aksyon represyon lapolis. Sa kapab rete pou ogmante manifestasyon yo nan lari a. Sa pa kapab kalme avèk mouvman oswa negosyasyon y ap fè yo. Se yon moman pou aji nan Kongrè a, nan Eta nou ak nan kò lejislatif lokal ou epi, anvan tout bagay, nan tout aktivite lavi chak nou....

Sous: President John F. Kennedy, Radio and Television Report to the American People on Civil Rights,  
June 11, 1963

- 7 Dapre Prezidan John F. Kennedy, kisa ki **yon** inegalite Ameriken Nwa yo te kontinye jwenn nan ane 1963? [1]
- 
- 

Score

## Dokiman 8

Prezidan Lyndon B. Johnson adrese nasyon an pandan l ap prepare pou siyen Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo.



Sitwayen Ameriken mwen yo:

Mwen pral siyen Pwojè-Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo pou fè li vin yon lwa. Mwen vle pran okazyon sa a pou pale sou sa lalwa vle di pou chak Ameriken....

Ameriken tout ras ak tout koulè mouri nan batay pou pwoteje libète nou. Ameriken tout ras ak tout koulè te travay pou bati yon nasyon ki gen opòtinite jeneral. Kounye a, nou mande jenerasyon Ameriken nou yo pou yo kontinye chèche lajistis san pran souf nan pwòp fwontyè nou yo.

Nou kwè tout moun fèt egalego. Epitou anpil nan nou jwenn refi pou tretman egalego....

Nou kwè tout moun gen dwa pou yo jwenn benediksyon libète. Epoutan anpil milyon pa jwenn benediksyon sa yo—pa akòz pwòch echèk yo, men akòz koulè po yo.

Rezon yo antre fon nan listwa ak tradisyon ak kalite moun yo. Nou kapab konprann—san rankin oswa lahèn—fason tout sa te pase.

Men sa pa kapab kontinye. Konstitisyon nou an, fondasyon Repiblik nou an, entèdi sa. Prensip libète yo entèdi sa. Moralite entèdi sa. Epi lwa mwen pral siyen aswè a entèdi sa....

Sous: President Lyndon B. Johnson, Radio and Television Remarks upon Signing the Civil Rights Bill, July 2, 1964,  
Lyndon B. Johnson Library & Museum (adapte)

- 8 Dapre dokiman sa a, kisa ki **yon** rezon ki fè Prezidan Lyndon B. Johnson te sipòte Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo? [1]

Score

## Dokiman 9a

...Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo te montre tou kijan Kongrè a kapab chanje kondisyon yo nan Etazini si li vle fè sa toutbon. Lwa a te mete yon pwen final imedyatman ak okonplè sou plan vityèl sou tout fòm segregasyon piblik nan nasyon an, Nò ak Sid anmenmtan. Menas pou redui lajan Etazini nan pwogram gouvènman ak antrepriz komèsyal ki pratike diskriminasyon kont minorite ki te fè enstitisyon fiks pou gen “opòtinite egalego pou travay” ak “aksyon afimatif nan anbochaj” nan lavi ameriken an. Lwa a te bay pwokirè jeneral Etazini an pouwwa pou pran konkou lajistis pou dezagregasyon lekòl yo, yon pwogram ki te facilite itilizasyon sèvis otobis lekòl pou reyalize ekilib ras nan lekòl nasyon an. Lwa a se te premye lwa nasyonal pou garanti dwa egalego empòtan pou fanm yo, epi li te mete jirispridans anplas pou itilize pwosedi pou sispann yon blokaj palmantè sou yon pwojè-lwa sou dwa sivil yo—yon jirispridans yo te itilize nan ane... [1968] pou adopte yon lwa nasyonal [Lwa sou Lojman San Patipri] ki garanti opòtinite egalego pou tout mwen jwenn lojman....

Sous: Robert D. Loevy, “A Brief History of the Civil Rights Act of 1964,” in Kozak and Ciboski, eds., *The American Presidency*, Nelson Hall, 1985 (adapte)

9a Dapre Robert D. Loevy, kisa ki te **de (2)** efè Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 9b

Prezidan Lyndon B. Johnson te siyen Lwa sou Dwa pou Vote nan ane 1965.

...Sistèm [sosyal ak ekonomik] t ap travay di, nan fen ane swasant yo ak nan kòmansman ane swasant-dis yo, pou bloke tandans eksplozif monte nwa [Ameriken Nwa] yo. Moun nwa yo t ap vote an gwo kantite nan Sid, epi nan Konvansyon Demokratik ane 1968 la, yo te aksepte twa (3) moun nwa nan delegasyon Mississippi. Nan ane 1977, plis pase de mil (2000) moun nwa te pran fonksyon nan onz (11) eta sid (nan ane 1965, kantite a te swasant-douz (72)). Te gen de (2) manm Kongrè, onz (11) senatè eta, katrevèn-kenz (95) reprezantan lachann, 267 manm komisyon konte, swasant-sèz (76) majistra, 824 manm konsèy minisipal, dizuit (18) cheri oswa chèf lapolis, 508 manm konsèy administrasyon lekòl. Se te yon gwo pwogrè. Men moun nwa yo, avèk 20 poustan popilasyon Sid la, te toujou kenbe mwens pase 3 poustan fonksyon elektif yo. Yon repòtè *New York Times*, ki t ap analize nouvo sitiayson an nan ane 1977 te endike menm kote nwa yo gen fonksyon enpòtan minisipalite vil yo: "Moun blan yo prèske konsève pouvwa ekonomik lan." Apre Maynard Jackson, yon moun nwa, te vin majistra Atlanta, "biznis moun blan yo te kontinye egzèse enfliyans yo." ...

Sous: Howard Zinn, *A People's History of the United States*, Harper Perennial, 2003

9b Dapre dokiman sa a, kisa ki te **yon** efè Lwa 1965 sou Dwa pou Vote? [1]

---

Score

## Pati B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Pandan tout istwa Etazini, prezidan yo te fè aksyon ki te gen yon gwo konsekans sou Etazini ak sosyete ameriken an. Twa (3) aksyon prezidansyèl sa yo se te **politik Andrew Jackson pou deplase Endyen yo, sipò Theodore Roosevelt pou pwoteksyon konsomatè, ak sipò Lyndon Johnson pou dwa sivil yo.**

**Sa pou fè:** Itilize enfòmasyon ki sòti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote y ap mande w pou

Chwazi **de (2)** aksyon prezidansyèl ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Dekri sikonstans istorik ki te lakòz aksyon prezidan an
- Diskite sou konsekans aksyon prezidan an sou Etazini ak/oswa sou sosyete ameriken an

#### Gid:

#### Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

# REGENTS EXAM IN U.S. HISTORY AND GOVERNMENT HAITIAN CREOLE EDITION